

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina kahirupan basa jeung budaya Sunda, karya sastra lain barang anu anyar. Tétéla, sastra Sunda modérn téh leuwih heula batan sastra Indonésia modérn. Ieu pamadegan téh dibuktikeun ku medalna novél *Baruang Ka Nu Ngarora* karya DK Ardiwinata taun 1914. Hartina sastra Sunda modérn leuwih heula genep taun tibatan *Azab dan Sengsara* karya Merari Siregar nu marajian lahirna sastra Indonesia modérn jeung novél Jawa munggaran karya Radén Mas Sulardi nu judulna *Serat Riyanto* nu sarua medal dina taun 1920 (Koswara, 2021, kc. 4).

Novél *Baruang Ka Nu Ngarora* ngagambarkeun kahirupan jaman féodal. Masarakat sérab ku pangkat jeung turunan. Jalma nu boga terah ménak sok dianggap leuwih *superior* tibatan jalma cacah. Atuh maranéhna téh sok ngalakukeun hal-hal sangeunahna sorangan. Saperti dina éta carita, Aom Usman hayang ngarebut Nyi Rapih sanajan geus bogaeun salaki bakating ku bogoh. Sabada Nyi Rapih beunang ku Aom Usman, Ujang Kusén jadi tukang judi jeung gunta-ganti pamajikan. Sedengkeun kolot-kolot Aom Usman teu satuju lamun manéhna ngawin Nyi Rapih pédah lain terah ménak.

Nuturkeun kamekaranana, novél Sunda teu ngan saukur nyaritakeun kahirupan jaman baheula. Alur, téma, jeung rupa-rupa pasualan ditembrakeun luyu jeung jaman ditulisna éta novél. Atuh dina ieu panalungtikan téh aya hiji novél nu matak kataji pikeun ditalungtik, nyaéta novél *Imah Agréng*. Novél *Imah Agréng* ditulis ku Aam Amilia dina mangsa kiwari. Mimiti medalna basa bulan April 2021 babarengan jeung novél *Stola Bungur* karya Ati S.

Ciri has tina novél *Imah Agréng* jeung *Stola Bungur* téh sarua ngangkat téma kriminalitas. Carita nu ditembrakeun museur ngeunaan misteri tilarna hiji jalma. Ieu téma téh ngagambarkeun pisan kaayaan jaman kiwari. Mindeng pisan média-média warta ngaberitakeun kasus-kasus pembunuhan. Contona baé kasus dibunuhna indung jeung anak di Subang dina bulan Désémber 2021.

Dina novél *Imah Agréng*, katitén pisan kahirupan manusa modérn jaman kiwari. Eusi ieu novél téh nyaritakeun hiji wartawan nu panasaran kana kasus kacilakaan nu nyababkeun tilarna hiji wanoja geulis, anak Adiguna nu kawéntar pemborong pangbeungharna sa-Bandung. Kasus kriminal nu ngalibetkeun jalma jegud téh lain hiji carita bohong dina mangsa kiwari mah. Saupama ditilik deui, kasus saperti kieu téh lain ukur hiji dua dina nyatana, tapi réa kacida. Jalma nu tiwas ninggalkeun mistéri, teu kapaluruh naon sabab-musababna, teu sirikna unggal poé diberitakeun dina TV jeung média warta séjénna. Salasahiji kasus panganyarna nu kungsi kajadian di nagri urang nyaéta mistéri tiwasna Brigadir Joshua di imah dinas komandanna, Irjen Ferdy Sambo (Rahmawati, 2022, kc. 1). Teu sirikna unggal usik dina berita téh aya waé kasus sarupa kitu. Aam Amilia ngagambarkeun kaayaan jaman nu kacida harénghéngna ku kasus-kasus kriminal dina ieu novél. Anapon kandelna ieu novél téh aya kana 72 kacana tur ngawengku sapuluh bab.

Anu matak ngirut panalungtik milih novél *Imah Agréng* pikeun bahan panalungtikan, ku sabab alur ieu carita téh hésé pisan ditebakna. Dina unggal bab, pamaca baris nuduh palaku pembunuhan nu béda-béda. Ieu kualitas alur téh kacida rapihna. Lian ti kitu, gaya basa nu digunakeunana gé ngagambarkeun pisan paguneman jaman kiwari. Gaya basana nu ngandung campur kode, basa gaul, jeung loma, ngalantarankeun unggal paguneman jeung narasina téh ngalir tur karasa nyatana.

Novél *Imah Agréng* téh kawilang karya panganyarna ti novélis Sunda modérn. Disebut kitu sotéh ku sabab Aam Amilia kawéntar sok nulis karya dina wangun basa Sunda, tapi caritana ngota. Basa pangarang séjén keukeuh nyaritakeun kaéndahan alam dina sastra Sunda, Aam geus maké bar, biliar, pabrik, jeung tempat-tempat hiburan malam pikeun sétting caritana.

Aam Amilia lain pangarang anyar dina kamekaran sastra Sunda. Tina pangaresepna kana tulas-tulis, Aam geus nulis rupa-rupa karya boh fiksi boh nonfiksi. Ieu pangaresep téh geus dimimitian basa Aam umur 12 taun. Harita cerpénna “Ulang Tahun” dimuat dina Lembaran Minggu Pikiran Rakyat. Laju,

carpon munggaranana dimuat ogé dina Manglé basa umur 16 taun. Ti dinya, Aam tuluy nulis karya-karya séjén dina wangun carpon, novél, jeung éséi.

Dina unggal mangsa, sastra moal leupas tina hirup kumbuh masarakat. Nurutkeun Ahyar (2019, kc. 1) sastra mangrupa sarana nembrakkeun ideu atawa gagasan ngagunakeun basa nu bébas tur ngandung perkara nu anyar. Sedengkeun nurutkeun Ihsan & Sisfiah (2018, kc. 34) karya sastra mangrupa objék manusiawi, faktor kamanusaan, atawa fakta kultural, sabab hasil ciptaan manusa. Éta pamadegan téh diwewegan deui ku Isnéndés (2010, kc. 16) dina bukuna nu nyebutkeun yén jejer karya sastra téh enas-enasna mah ngurung sakumna kahirupan manusa. Cindekna mah, sastra mangrupa seni basa nu jadi média komunikasi dina magelarkeun kahirupan manusa kalawan métodeu has tur bébas dumasar kana kréativitas pangarangna.

Karya sastra téh dibagi jadi tilu wangun, puisi, prosa, jeung drama. Puisi nyaéta karya sastra nu wangunna dibarung ku aturan-aturan nu geus ditangtukeun, saperti pupuh jeung sisindiran. Sedengkeun prosa nyaéta karya sastra nu wangunna lancar, ngaguluyur nuturkeun kréativitas pangarangna, tur dipedar dina wangun paragraf, contona saperti carpon jeung novél. Nu katilu nyaéta drama, wangun karya sastra nu dipagelarkeun sacara langsung ku manusa nu ngagambarkeun palaku carita. Atuh ieu karya *Imah Agréng* téh kaasup kana wanda prosa dina wangun novél. Dumasar pamadegan Kustanti (2016, kc. 189) novél mangrupa karya fiksi hasil hayalan jeung naon-naon nu saenyana teu nyampak dina kahirupan nyata. Sedengkeun Rahayu (2021, kc. 45) dina jurnalna nétélakeun yén nu disebut novél téh hiji karya fiksi, prosa nu ditulis naratif dina wangun carita. Dua pamadegan di luhur téh cindekna mah keukeuh yén novél téh mangrupa hiji karya fiksi nu ditulis dina wangun lancar.

Pikeun ngulik karya sastra, kaasup novél, tangtu moal pisan-pisan béakeun bahaseunana. Dina hiji karya téh méh loba nu bisa ditalungtikna, contona baé tina jihat sosiologisna, estétika, ajén moral, jrrd. Salasahiji conto ulikan nu matak kataji pikeun dipedar dina ieu tulisan téh nyaéta ulikan antropologi sastra.

Ngindung kana pamadegan Ratna (2011, kc. 152) antropologi sastra mangrupa analisis jeung pamahaman dina patalina karya sastra jeung kabudayaan.

Tina pamadegan di luhur, katitén yén ajén-ajén kabudayaan masarakat dina mangsana, bisa ditilik tina hiji karya sastra. Tangtuna baé ku cara ngagunakeun ulikan antropologi sastra. Kahirupan manusa, kabudayaan, mitos, pakasaban, jeung sistem basa mangrupa réalitas sosial nu jadi bahan dina nyiptakeun hiji karya. Atuh ari réalitas sosial téh nyaéta kahirupan sosial nu kaalaman sacara nyata dina karya sastra (Kartikasari, Anoegrajekti, & Maslikatin, 2014, kc. 53).

Réalitas manusa nu moal leupas tina mangsa heubeul, kaarifan lokal, folklor (tradisi lisan jeung sastra lisan), sarta mitos jadi cukang lantaran dilaksanakeunana ieu panalungtikan. Pangabutuh manusa kana kahirupan nu répéh rapih jeung misahkeun antara nu hak jeung batil mangrupa warisan ti jaman mimiti manusa diciptakeun. Éta pangabutuh téh tuluy diturunkeun ka anak incu manusa sok sanajan sacara teu langsung. Pamadegan jeung pikiran manusa tuluy néangan bebeneran nu pinasti. Pangabutuh manusa kana bebeneran téh kagambar dina ieu novél, Jaka tuluy néangan saha palaku nu geus maéhan Kirana.

Kabudayaan jeung ciri has séwang-séwangan di unggal wewengkon mangrupa interprétasi tina kaarifan lokal. Biasana, dina hiji komunitas masarakat téh sok miboga kabiasaan nu dilaksanakeun kalawan tuluy-tumuluy. Éta kabiasaan téh mangrupa conto kaarifan lokal. Saperti mudik dina mangsa lebaran nu ukur dilaksanakeun ku urang Indonésia jeung Malaysia. Éta kabiasaan téh moal kapanggih di nagara séjénna. Dina novél *Imah Agréng*, kaarifan lokal kagambar dina kahirupan urang Sunda nu cicing di kota.

Folklor tradisi lisan jeung sastra lisan kaasup ogé kana ciri has masarakat unggal wewengkon. Ari bédana nyaéta dina folklor mah ieu ciri has masarakat téh diheureutkeun jadi produk-produk kabudayaan. Wangun tradisi lisan bisa diébréhkeun ku sarupaning barang boh parobot boh kadaharan, sedengkeun sastra lisan mah ngawengku paribasa jeung babasan nu sumebar dina hiji komunitas masarakat.

Mitos teu ngan saukur ngawengku hal-hal mistis nu patali jeung dukun. Dina kamekaranana, mitos miboga harti anu lega. Kaasup kakuatan doa dina hiji agama ogé bisa ditalungtik minangka mitos ku sabab teu bisa dijelaskeun kalawan logis kumaha prosésna.

Panalungtikan ngeunaan hirup kumbuh manusa gé teu salilana kudu dilaksanakeun langsung di masarakat, tapi bisa ogé ku ngaguar hiji karya sastra. Nu antukna muncul gagasan pikeun nalungtik hiji karya sastra ngagunakeun pamarekan antropologi. Karya sastra nu jadi objék panalungtikan téh nyaéta nu dipedar saacanna, novél *Imah Agréng* karya Aam Amilia.

Dina nalungtik novél téh teu ngan saukur ngagunakeun tiori antropologi sastra. Prakna ulikan karya sastra tangtu moal leupas tina pamarekan struktural. Sakumaha nu dipedar ku Isnéndés (2010, kc. 91), tiori struktural nyaéta anggapan yén karya sastra mangrupa struktur nu otonom. Atuh dina ieu panalungtikan téh dipaké tiori strukturalisme Robert Stanton nu ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku jeung watek, sarta latar), jeung sarana sastra (judul, puseur implengan, jeung gaya basa).

Panalungtikan antropologi sastra kawilang anyar saupama dibandingkeun jeung kamekaran paélmuan séjén. Aya sababaraha panalungtikan nu sawanda jeung ieu tulisan, di antarana: “Novél *Sasalad* karya Dadan Sutisna (Ulikan Struktural jeung Antropologi Sastra)” nu ditalungtik ku Pramoni Binargian taun 2021; “Novél Munjung karya Moh, Ambri (Ulikan Struktural jeung Antropologi Sastra)” nu ditalungtik ku Yusuf Ramdani taun 2020; jeung “Budaya Masyarakat Minangkabau dalam Novél Memang jodoh karya Marah Rusli (Kajian Antropologi Sastra)” nu ditalungtik ku Moh. Muqtafi dina taun 2015.

Bébédaan ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna téh nyaéta dina objékna. Novél *Imah Agréng* nu jadi puseur ieu panalungtikan téh mangrupa novél panganyarna nu medal ti Aam Amilia. Ieu novél téh ngagambarkeun kabudayaan urang Sunda dina jaman modérn. Penting pisan pikeun mikanyaho kumaha hirup kumbuhna urang Sunda jaman kiwari. Udaganana nyaéta pikeun

neleban deui kamekaran kabudayaan Sunda dina unggal mangsa sangkan teu paéheun obor.

1.2 Rumusan Masalah

Ieu panalungtikan téh dilaksanakeun pikeun ngaguar dua pasualan inti nu jadi rumusan masalah, nyaéta:

- 1) Kumaha struktur carita nu ngancik dina novél *Imah Agréng* karya Aam Amilia?
- 2) Kumaha unsur antropologi nu nyampak dina novél *Imah Agréng* karya Aam Amilia?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngaguar struktur novél *Imah Agréng* karya Aam Amilia. Sabada kitu, éta unsur-unsur hasil ngaguar téh diulik deui kabudayaanana pikeun mikanyaho leuwih teleb ngeunaan aspék antropologi sastra nu ngancik dina éta novél.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus nu jadi udagan dilaksanakeunana ieu panalungtikan téh pikeun ngadéskrripsikeun:

- 1) struktur carita anu ngancik dina novél *Imah Agréng* karya Aam Amilia;
- 2) unsur antropologi sastra anu nyampak dina novél *Imah Agréng* karya Aam Amilia.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Tina dilaksanakeunana ieu panalungtikan, dipiharep ieu tulisan téh jadi hiji karya ilmiah anu ilubiung dina ngajaga tur nambahan kabeungharan paélman sastra, hususna dina widang ulikan antropologi sastra Sunda. Ieu panalungtikan ogé baris jadi bukti yén ulikan antropologi sastra téh miboga mangpaat anu kacida pentingna pikeun kahirupan jeung kabudayaan masarakat Sunda dina unggal mangsa.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ditilik tina mangpaat praktis, ieu panalungtikan téh dilaksanakeun kalawan harepan:

- 1) pikeun nu nalungtik, dipiharep ngamekarkeun paélmuanana tur mikanyaho struktur jeung ajén-ajén antropologis dina novél *Imah Agréng* karya Aam Amilia;
- 2) pikeun masarakat umum, dipiharep ieu data panalungtikan téh bisa nambahan élmu pangaweruh tur méré tatapakan anu ngarojong kana kamekaran sastra Sunda;
- 3) ogé dipiharep ieu panalungtikan téh bisa ngajembaran pangaweruh dina kahirupan masarakat.

1.5 Raraga Tulisan

Anapon raraga tulisan dina ieu panalungtikan téh nyaéta,

Bab I Bubuka. Ieu bab téh medar ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan dina nyusun skripsi.

Bab II Ulikan Pustaka. Anapon dina ieu bab téh ngawengku; strukturalisme, antropologi sastra, novel jeung kamekaran sastra Sunda hususna dina wanda novél. Lian ti éta, ogé dina ieu bab dipedar ngeunaan panalungtikan-panalungtikan saméméhna anu sawanda jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan. Eusi dina ieu bab nyaéta; désain panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, data, jeung sumber data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran. Pnalungtikan nyaéta; ngadéskripsikeun ngeunaan struktur carita jeung antropologi sastra dina novel *Imah Agréng* karya Aam Amilia.

Bab V Kacindekan jeung Saran. Eusi ieu bab pamungkas téh nyaéta ngeunaan saran jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan patali jeung panalungtikan ka hareupna.